

Fich Rechèch Travay

Date: _____

Siyati: _____ Prenon: _____

- Si w vin pèdi travay ou nan 30 dènye jou yo, ou dwe te fè omwen yon (1) aktivite kote w ap chèche travay OSWA bay prèv ki montre ou aplike pou prestasyon chomaj.
- Si w pèdi travay ou depi 30 jou oswa plis, ou dwe te fè omwen twa (3) aktivite kote w ap chèche travay pandan peryòd chomaj ou a.
- Twa (3) rechèch travay ou yo kapab yon konbinezon pozisyon ou te aplike yo EPI lòt aktivite kote w ap chèche travay yo.
- **Gade paj 2** pou definisyon aktivite kote w ap chèche travay epi enstriksyon yo.

Kontakte Biznis/Patwon:

Lis travay ou te aplike, entèvyou ou te pase, epi biznis/patwon ou te kontakte.

Dat Kontak la	Pozisyon ou Aplike a	Non biznis / Patwon an	Biznis/Patwon - Enfòmasyon pou Kontakte (adrès, telefòn imèl, sitwèb/URL, faks)

Fich Rechèch Travay Fè lis bagay ou te fè pou jwenn travay epi ki pa t kontak ant biznis/patwon yo.

Gade dèyè pou aktivite yo sijere yo.

Dat aktivite a	Aktivite ou te fè (lis aktivite rechèch travay apati paj 2)

Enstriksyon pou Fich Rechèch Travay

Ou dwe ap chèche travay aktivman pou w kapab kalifye pou sibvansyon pou gad timoun, epi endike rezon an kòm "M ap chèche travay" Lwa ak eta federal yo prevwa pèn pou w peye lajan, prizon, oswa tou de (2) si w pa di laverite lè w mande èd pou Gad Timoun oswa lè yo poze w kesyon ACS yo sou kalifikasyon w, oswa si w fè yon lòt moun pa di laverite sou demann ou a oswa pou w yo kenbe kalifikasyon w la. Yo ka aplike sanksyon tou si w kache oswa w bliye bay enfòmasyon ki konsène kalifikasyon anvan w lan oswa sa ki ap kontinye a pou Èd pou Gad Timoun, oswa si ou bliye oswa kache enfòmasyon ki ap afekte dwa yon moun pou li jwenn oswa kontinye ap resevwa èd pou Gad Timoun.

Aktivite Rechèch Travay

Aktivite Rechèch Travay kapab gen ladan l:

1. Vizite yon Sant Karyè Lokal nan Eta New York
 - Rankontre ak Konseye Sant Karyè (Career Center)
 - Jwenn enfòmasyon pèsònèl nan Sant Karyè sou travay ki ka disponib nan yon distri oswa yon rejyon patikilye (jwenn enfòmasyon sou mache travay la)
 - Travay ak Pèsònèl Sant Karyè pou evalye konpetans ou yo epi fè yo koresponn ak pwofesyon epi travay posib (evaliyasyon konpetans pou pwofesyon ki koresponn yo)
 - Patisipe nan atelye ki dirije
 - Jwenn rekòmandasyon travay ak travay ki koresponn nan Sant Karyè a epi fè swivi ak patwon yo.
2. Vizite yon sit aplikasyon epi konplete yon aplikasyon pou travay an pèsòn ak patwon ki ka panse ak rezon yo gen pòs ki lib.
3. Soumèt yon aplikasyon pou travay oswa CV an repons ak yon avi piblik oswa yon anons rechèch oswa ak patwon ou kapab panse ki gen pòs ki lib.
4. Patisipe nan seminè pou chèche travay, reyinyon rezotaj pwofesyonèl, salon pou travay oswa atelye ki gen rapò ak travay epi ki bay enstriksyon pou amelyore konpetans lè w ap chèche travay.
5. Entèvyou ak potansyèl patwon yo
6. Aplike pou yon travay bò kote youn oswa plizyè ansyen patwon w.
7. Anrejistremman ak verifikasyon ak ajans pou travay prive yo, sèvis plasman, sendika epi biwo plasman lekòl yo, kolèj, oswa inivèsite oswa òganizasyon pwofesyonèl yo.
8. Itilize telefòn, anyè pwofesyonèl, entènèt, oswa sistèm rechèch travay anliy pou chèche travay, jwenn pis, mande referans, oswa pran randevou pou entèvyou travay.
9. Aplike epi/oswa anrejistre pou w pase Egzamen fonksyon piblik pou pòs ki lib nan gouvènman an.